

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Kawih jeung tembang mangrupa salah sahiji wangun karya sastra anu masih kénéh hirup tur aya di masarakat sarta digunakeun. Katem anu mangrupa wacahan tina kawih tembang gumelar ka masarakat kalayan hasil tina kréativitas salah saurang seniman Sunda nya éta Nano S, ieu hal bisa dijadikeun salah sahiji bukti tina kamekaran kasenian tradisional.

Sanggeus ditalungtik dumasar kana kaayaan sumber data, rumpaka katem jumlahna téh aya 6. Méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif. Anu dianalisisna ngawengku wangun, eusi, jeung unsur sastra dina rumpaka. Analisis wangun ngawengku jumlah pada, padalisan, jeung engang. Tina 7 unsur-unsur sastra anu kapanggih dina ieu rumpaka nya éta 1) wirahma, 2) purwakanti, 3) rinéka wacana, 4) rinéka sastra, 5) pakeman basa, anu kapanggihna nya éta babasan, paribasa, gaya basa, jeung kecap kiasan, sarta 6) siloka.

Tina hasil analisis ahirna kapanggih ngeunaan hal-hal anu geus ditataan tadi, nya éta jumlah pada jeung padalisan anu teu angger ku sabab mangrupa puisi bébas atawa modérn, iwal ti rumpaka “Dalem Kaum” anu mangrupa puisi kauger. Saterusna jumlah engang ogé kaayaanana teu angger atawa robah-robah.

Dina palebah eusi rumpaka katem anu kapanggih, di antarana ngeunaan:

- a. asih
- b. patepung jeung pipisahan
- c. harepan sangkan cintana bisa manjang
- d. moral
- e. sosial
- f. pegat asih
- g. lembur anu nepungkeun kaasih; jeung
- h. kaagamaan.

Pamungkas ngeunaan jumlah pada anu panglobana nya éta 11 sarta nu pangsaeutikna nya éta 4. Purwakanti anu kaunggel dina rumpaka katem jumlahna 397, anu ngawengku: 61 pangluyu, 154 maduswara, 25 cakraswara, 19 laras purwa, 80 laras wekas, 3 mindoan wekas, 21 laras madya, 26 mindoan kawit, sarta 33 mindoan kecap. Rinéka wacana anu jumlahna 65 ngawengku: 25 tina basa Arab, 12 tina basa Jawa, 8 tina basa Kawi, 3 tina basa Malayu, 16 tina basa Sangsekerta, sarta 1 tina basa Walanda. Rinéka sastra anu jumlahna 68 ngawengku: 10 gaya basa personifikasi, 8 gaya basa métafora, 6 gaya basa hiperbola, 9 gaya basa asosiasi, 2 gaya basa ékslamasio, sarta 33 gaya basa paralélisme. Babasan anu jumlahna 12. Paribasa anu jumlahna ngan aya 1. Kecap kiasan anu jumlahna 48, sarta siloka anu jumlahna 45.

Tina hasil analisis anu geus ditalungtik ku nu nulis, ahirna bisa dicindekkeun yén wangun katem téh béda-béda, ku sabab aya nu mangrupa

puisi kauger jeung puisi bébas/modérn. Purwakanti anu panglobana nya éta maduswara kalayan jumlah 154, sedengkeun anu pangsaeutikna nya éta mindoan wekas kalayan jumlah 3. Rinéka wacana anu panglobana nya éta tina basa Arab kalayan jumlah 25, sedengkeun anu pangsaeutikna nya éta tina basa Walanda kalayan jumlah 1. Rinéka sastra anu panglobana nya éta gaya basa paralélisme kalayan jumlah 33, sedengkeun anu pangsaeutikna nya éta ékslamasio kalayan jumlah 2.

## 5.2 Saran

Panalungtikan anu dilakukeun kana karya sastra Sunda wangun rumpaka karasa pisan loba mangfaatna, hususna pikeun nu nulis, ku sabab salian ti sastra, rumpaka ogé kaasup kana unsur-unsur lagu tina kasenian tradisional Sunda, anu pikeun nu nulis mah di antarana bisa jadi jalan pikeun nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung seni Sunda.

Dumasar kana éta hal, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun, nya éta:

### 1. Pikeun siswa jeung mahasiswa

Parasiswa jeung mahasiswa kudu mikawanoh kana salah sahiji karya sastra jeung kasenian Sunda, hususna kawih jeung tembang. Ieu hal dipiharep bisa dijadikeun salah sahiji jalan pikeun ngalemesan budi, ku sabab dina rumpaka aya hal-hal anu nyamuni pikeun guareun diri sangkan basa anu kaluar tina saban ucap saluyu jeung paripolahna anu alus.

## 2. Pikeun guru-guru basa Sunda

Para guru anu nyepeng ieu pelajaran, dipiharep bisa ngajarkeun sastra jeung seni Sunda. sangkan parasiswa jadi resep nu antukna ngahudang parasiswa pikeun ngapréiasikeun hal-hal anu aya dina pikiran jeung rasana.

## 3. Pikeun masarakat umum

Pikeun masarakat umum, dipiharep sangkan bisa mikaresep sarta ngajénan kana salah sahiji kasenian Sunda, nu ahirna ngamumulé sangkan budaya urang tetep nanjung.

